

NDIANIKO UYU?



Muropafadzwe, hama. Zvakanaka kwazvo kuti tiuye kuimba yaShe.

² Ndinofunga kuti ndakanga ndichinzvera rimwe Gwaro, imwe nguva yapfuura, uye iRo rakataura kuti apo Jesu paakaswedera pedyo neJerusarema, kuti vadzidzi vakasimudza meso avo uye vakaona guta dzvene riri chinhabwe, zvino vakatanga kufara uye nekutaura, kuti, “Zvino humambo huchadzoreredzwa.”

³ Zvino mumwe murume uyu uyo akanga achitaura, kana kuti akanga achitaura nezve kushanya kuPalestine nguva shoma yapfuura, uye iye akataura kuti vanhu zvino, mugore rapfuura, vakanga vachiuya kune imwe nzvimbo yekuti, kana vachinge vauya kumusoro vachibva mumupata uye votarisa seri kwepanokona, nzira imwe chete iyo Jesu nevadzidzi yavakanga vari pairi panguva iyoyo, pokuti kana vachinge vaona guta, vanotanga kuchema.

⁴ Munoziva, ndinotenda, paiva nechimwe chinhu icho vadzidzi ivavo, mumazuva iwayo, chavakanzwa, chokuti—chokuti humambo hwaizodzoreredzwa zvekare.

⁵ Uye zvino nguva yava kuda kukwana. Uye ndinotenda ndiwo manzwiro ari pavanhu, ekuti humambo hwava pedyo nekugadzirira kudzoreredzwa zvekare.

⁶ Hama Neville, mufudzi wedu ane nyasha uye akaropafadzwa, vachangobva kutaura neni pamusoro perumutsiro rwuri kuzoitwa pano patabhenakeri, muhusiku hushoma, kuti ndinge ndichinamata pamusoro parwo. Uye ini ndavaudza kuti, ndafunga kuti chinozova chinhu chakaropafadzwa.

⁷ Haukwanise kungova nerumutsiro rwakawandisa. Uye nguva zhinji tinowana maonero asiri iwo erumutsiro. Rumutsiro harwusi zvakanyanya nyaya yekuunza nhengo itsva, asi kumutsiridza avo vatinavo nechekare. Uye ndiri . . .

⁸ Ndinofarira kutaura izvi, nekuti ndinozvitaura kubva pakadzika pemwoyo wangu. Kutu ndinotanga kuwana mamwe manzwiro akasiyana ipo pano patabhenakeri pane izvo zvazvainge zviri kwenguva yakareba, mamwe manzwiro e—eimwe pfungwa yakadzama yepamweya, seaye ayaimbenge inawo, nguva refu yapfuura; icho chiya chinodzikamisa, uye chine nhayo chaiyo. Uye ndinotarira kuti Mwari vacharopafadza chechi ino diki, uye . . .? . . . zvekare musimba rayo.

⁹ Uye ndinoona chironzwa chekuvaka chichienderera mberi, uye ndinofunga kuti ichocho chinhu chikuru. Nekuti, munguva

pfupi kana inotevera, isu vanhu vechikuru tichakumura nhumbi dzekurwa nadzo uye todzipa mumaoko evana vedu, uye tofamba tichikwira Masitepisi aye endarama.

¹⁰ Rimwe zuva ndakapfuura mucherechedzo uya wepakati nepakati zvino, wemakore makumi mashanu ekuberekwa. Handikwanise kutongozvicherechedza izvozvo. Hazvitaridzike sekunge panga pasina nguva kubva pandaitakura magirosari aChris Meisner, angangoita makore gumi nemasere, gumi nematanhatu, gumi nemasere ekuberekwa. Asi akangoenda kumwe kunhu. Izvozvo zvinongoratidza kuti pano hatina guta richagara riripo, asi tiri kutsvaga iRo richauya. Uye ndiro Guta iro Mwari vari muvaki waro, uye hakuzombove nemagumo ikoko.

¹¹ Mangwanani ano, apo pandanga ndichitaura pamusoro pechidzidzo cheZuva raAmai, uye ndichiedza kuisa amai panzvimbo kwete sezvavari chaizvo, vakachembera, vaine mafinya-mafinya, nezvose izvi, madondoro avo, kana imwewo hwiricheya yekare, kana kuti cheya ine pekutsamisa maoko, uye nekapoto kadiki kemaruva kakagara parutivi pavo; asi amai murumuko, vadzoreredzwa kuhumhandara hwavo, uye vakamira, vachibwinya samambokadzi. Ndiyo nzira yandinofarira kufunga nezvaamai vangu. Handidi kufunga nezvavo sezvavari nhasi, vachembera. Ndinofarira kufunga nezve izvo zviri kuuya. Uye ndinoziva kuti imi munonzwa zvimwe chete pamusoro pevanaamai venyu. Funga nezvavo sezvavari chaizvo mumoyo mavo. Kunyangwe vazhinji... sezvinotaurwa nemudetembi, “Hupenyu hwaive husiri nyore kwavari, asi ivo vaizodzokorora kuhurarama zvekare, kungoti vakuitire chimwe chinhu.” Saka Mwari vari kuzoita nzira yokuti ivo vagone kurarama newe nekusingaperi. Saka ndinofara nazvo.

¹² Handizivi kuti sei, ndapa chiziviso ichi, mangwanani ano, kuti ndaizotaura manheru ano, kana Ishe vachitendera, nezve: *Ndianiko Uyu?* Zvirokwazvo handizive kuti ndichazviita sei. Asi ndanga ndakabatikana kusvikira zvingaite awa nemaminitisi gumi apfuura, ndiri pahurukuro masikati ose, uye ndanga ndine nhare dzakakosha ne—nedzaida kukurumidzirwa. Handina kukwanisa kubudirira padziri.

¹³ Uye ndinoda kuti murambe muchinamatira Chiremba Sam. Ivo—Ivo vari kuita zvakanaka, uye tinotenda kwazvo. Uye Chiremba Baldwin naMai Baldwin vari vaviri vari kupora. Vari kuita zvakanaka.

¹⁴ Ndiri kuda kuti muise mumwe mutsva pamutsara wenyu wekunamatira, masikati ano. NdiHarry Lease zasi kuno, mutengesu wemishonga yekurapa. Harry ishamwari yangu pachangu. Uye nguva dzose ndamuziva, ndakafunga kuti aive Mukristu, kusvikira masikati ano, apo munin’ina wake

aisa chikumbiro cheruponeso rwemweya wake. Hama Mike Egan vaunza...mutirastii wedu pano, vaunza nhau dzacho. Uye Harry ari muchinhano chakaipa kwazvo, kunze uko muchipatara. Ndanga ndisingazive kuti aifunga zvakanyanya kudaro nezvangu; asi, iye aramba mufudzi wake pachake, masikati ano, kana kuti mufudzi wekucheche kwaanoenda, uye achida kuti ini ndiuye kuzomuona. Uye ndinoda kuenda kunomuona. Saka, namatirai Harry.

¹⁵ Tiri kufara pano, manheru ano, kucherechedza, idzo shamwari dzangu dziri pano, dzinobva zasi kuGeorgia, Hama Welch Evans nemhuri yavo. Ndiri kuona, zvekare, vamwe vaenzi avo vandanga ndisingazive, zvichida vanga vari pano mangwanani ano.

¹⁶ Kana ndisiri kukanganisa, ndiri kuona Hama neHanzvadzi Elmer Collins kumashure uko, vanobva kuPhoenix, Arizona. Oo, hamuna kushanduka. Zvinotaridzika sekunge munofanira kunge makapfeka mbatya dzenyu dzemunjanji, uye—uye muchiuya muno muchibva kunjanji. Uye tinokugamuchirai muchidzoka kumba! Handikwanise kukukumbirai kuti mugare kuno, nekuti makawana nzvimbo iri nani, munoono, izvozvo zvakana kwazvo, Phoenix. Ndinoda kuzogarako, rimwe zuva, pachangu.

¹⁷ Uyezve ndiri kuona Hama Smith pano, vekuChurch of God, kunze uko. Hama Smith, rakapihwa kwandiri, bhuku renyu diki, rimwe zuva, kana kuti nezuro masikati, nguva yapera. Handisati ndariverenga nazvino, asi ini zvechokwadi ndicharitsigira, chero bedzi ndichiziva kuti ndimi makarinyora. Iro rinofanira kuva riri Gwaro remazvirokwazvo, rechokwadi. Mwari vakuropafadzei. Uye ndinotarira kuti rinobudirira.

¹⁸ Uye nevamwe vakawanda, vandinokwanisa kutaura. Mose munogamuchirwa pano patabhenakeri. Ndafarira rwiyo rwuya, mangwanani ano, rweHanzvadzi Stricker avo vaimba, “Iye ari kutarisa kuburikidza nemumaburi, kwaari.” Hama dzangu maMennonite pano, ndinofara kuva navo muno. Uye, oo, imi mose! Imwe shamwari pano, ndinotenda, inobva uko kuIllinois, mwanakomana wavo ari kurekodha ari kumashure, ndasangana navo zvekare. Uye nevakawanda kwazvo, ndinogona... Usafunge kuti ndiri kukuzvidza kana ndikasadaidza zita rako, asi ndinongokuchingamidzai mese.

¹⁹ Zvino ngativerengei manheru ano, kuitira chidzidzo cheGwaro, kubva muna Mateo chitsauko 21, kutangira pandima 1, uye toverenga tichidzika, neyechi 11, dzose hadzo.

Uye *vakati vachiswera Jerusarema*, ipapo pakasvika, uye vakasvika pa*Bhetefage*, pagomo reMuorivhi, ipapo *Jesu akatuma vadzidzi vaviri*,

Achiti *kwavari*, *Endai* mumusha *wakatarisana nemi*, uye *pakarepo* imi *muchawana mbongoro*

yakasungirirwa, ine mhuru yayo pamwe nayo: mudzisuunungure, uye muuye nadzo kwandiri.

Uye kana ani naani achitaura chinhu kwamuri, imi muchati, Ishe vanodzida; uye pakarepo achadzituma.

Izvozvo zvose zvakaitwa, kuti izvo zvakataurwa nemuporofita zviitike, achiti,

Udzai... vanasikana weZioni, Tarira, Mambo wako unouya muhunyoro... akatasva mbongoro, nemwana wembongoro mukono.

Uye wakadzidzi vakaenda, uye vakaita sezvavakarairwa naJesu,

Uye vakaunza mbongoro, nemhuru hono, uye vakaisa nguwo dzavo pamusoro padzo, uye vakamugarisa pamusoro padzo.

Uye mhomho huru kwazvo yakawarira nguwo dzayo munzira; uye vakatema matavi kubva mumiti, vakaawarira munzira.

Uye vakawanda avo vaitungamira mberi, neavo vakanga vachitevera, vakadanidzira, vachiti, Hosana kumwanakomana waDhavhidhi: Wakaropafadzwa iye anouya muzita raShe; Hosana kumusoro-soro.

Uye wakati apinda Jerusarema, guta rose rakazunguzwa, vachiti, Uyu ndianiko?

Uye mhomho ikati, Uyu ndiJesu muporofita weNazareta...

Ngatikotamisei misoro yedu tinamate.

²⁰ O Ishe, hatizivi izvo zvatingadai takataura, dai takararama mumazuva iwayo. Asi tiri kurarama mune zuva rinodarika pakukura, apo patiri kuMutarisira kuti auye. Uye sezvo tiri kuita gadziriro, Ishe, tichiita kuti mwoyo yedu inge yakagadzirira, uye tichiunza zvisote zvose izvo zvatinokwanisa kuunganidza kubva muminda yegoho, zvose kumba nekunze kwenyika, tiri kufunga pamwe nekutarisira panguva iyo yatichaMuona achiuma, akatasva bhiza jena, achiburuka pasi kubva pamasuwo emuKubwinya, kuzoshandura pamwe nekugadzira mitumbi yedu ino yekare inowora, kuva mitumbi unobwinya wakafanana newaKe, uko kusingagone kuva nechivi kana hako nechiratidzo cherufu chingambopinda. Uye tichaMuona sezvaAri, uye tigorarama, uye tigoMuda nemumazera ose ayo achauya.

²¹ Tinokutendai iMi nekuda kwechechi ino uye nekuda kwemufudzi wayo, uye nekuda kwematirastii nemadhikoni, uye nekuda kwemunhu wese uyo anouya pano; uye nekuda kwevayeni avo vari mumasuwo edu, vanova makwai eboka rimwe chete, asi vachibva havu kune rimwe danga. Taikumbira kuti iMi mugovaropafadza, manheru ano, neHupo hweNyu.

22 Uye tipeiwo kudya kweShoko reNyu, kuti tiende tichibva pano, manheru ano, tiine kutsunga kwekuva Makristu ari nani pane zvatakambova. Dai taenda tiine tariro itsva mumwoyo medu, uye nemufaro, tichimirira Kuuya kwaKe.

23 Kana neimwe nzira pakazova nevamwe pakati pedu, avo vanorwara uye vanotambudzwa, hatizokanganwa kuvanamatira. Kutu ivo . . . Vachiuya muchivakwa, manheru ano, umo mataungana kuti tinamate, vakauya muno, vachirwara, dai vakabuda kunze vapora.

24 Uye tinokumbira kuitira avo vari kupora, vari mudzimba nemuzvipatara, uye vari panhowo dzekutambudzika. Tinonamata, O Mwari, kuti tsitsi dzeNyu dzizosvika zasi kwavari.

25 Tinonamatira avo vasina hanyin'a, manheru ano, avo vasati varavira pamwe nekuona kuti Ishe vakanaka, vasingazive zvazvinoreva kudiwa naMwari. Ivo havatongonzwisise izvo zvavari kupotsa. O Mwari, dai imwe nhepfenyuro yepawairesi, kana imwewo nzira, yabata mwoyo yavo, uye manzwiwo avo akwanise kutendeutsirwa kwaMuri musiwu wetsitsi usati wavharwa zvino ivo vozovharirwa kunze, kuti vamire pamitongo pasina tsitsi.

26 Tibatsirei, Ishe. Zvinhu izvi tinonamata nemuZita raIshe Jesu, uye kuitira kubwinya kwaKe tinozvikumbara. Amenii.

27 Vanhu vaive vakaungana vazere pose pamasuwo, uye migwagwa yaive yakazarisa, uye pakanga pasina kana nzvimbo yakuti vanhu varare. Vakange vakarara kunze kwemasvingo, munzvimbo dzese pasi, nekuti iyi yaiva paseka. Uye vanhu vaiuya kubva kumatunhu epasi rese anozivikanwa, kuzonamata panguva iyi. Yakanga iri nguva apo gwayana repaseka paraiuraiwa. Uye ku . . . Iro raimiririra kudzikinurwa kwavo kubva muEgipita, muhutapwa. Uye vaichengeta izvi, pagore. Gore rega-rega, paseka huru iyi yayitika. Uye yaiva imwe yenguva huru kwazvo ye . . . kana kuti zviitiko zvechitendero chechiJudha, nekuti yaireva nguva yavakadzikinurwa.

28 Vanhu vese vanoda kufunga nezvazvo, nguva iyo yavakadzikinurwa. Kutu zvakadii mumwe nemumwe wedu, manheru ano, anokwanisa kudzokera kune nguva yatakadzikinurwa! Zvayaireva kwatiri!

29 Ndinokwanisa kurangarira muchiitiko changu pachangu, kuti mwoyo wangu wechikomana wainzwise tsitsi waishuvira sei kubata Mwari. Ndakafunga, "Oo, dai ndaingokwanisa kukwira kumusoro uye ndogogodza pamukova waKe, uye ndotaura naYe kwechinguva!" Uye, ndizvo, imi munoziva nyaya yangu. Ndakatora bepa nepenzura, uye ndaizonoMunyorera tsamba, nekuti handaikwanisa kutaura naYe. Uye ndaiziva kuti Aigara musango, nekuti ndakange ndaMunzwa, uye ndakange ndaona kufamba kwaKe musango. Uye imwe—

imwe nzira inozivikanwa, yekare iyo yandaifamba ndichidzika nayo apo pandainge ndichivhima kana kuenda kunoraura. Ndakafunga kuti, “Ndichangoiroverera pamuti, uye ndoinyorera kuna VaJesu.” Imwewo nzira hayo kuitira kuti mutoro wacho ubve pamwoyo wangu.

³⁰ Oo, husiku huya, zasi uko! Ndinokwanisa kukanganwa zera rangu, ndinokwanisa kukanganwa zita rangu imwe nguva, asi handimbofa ndakakanganwa nguva iyoyo apo paAkandidzikinura kubva kuchivi. Chimwe chinhu chakaitika, zasi mukati mangu, icho chakandibatsira nemunguva huru dzemurima. Nguva yerudzikinuro rwangu, mitoro yezvivi yakandisiya, uye ndakava munhu mutsva. Ndakava chisikwa chitsva muna Kristu Jesu, kubvira ipapo.

³¹ Uye maJudha aya, anouya kumusoro ikoko, gore rega-rega. Uye paiva ne—netsime mukati mechechi. Zvino ivo vaitora chi—chingwa, nemiriwo inovava, negwayana, uye vainwa kubva mutsime iri raiva muchechi. Uye vaifara pamwe chete nekuti Mwari vakanga vavaitira nyasha. Saka, iyi ichiva nguva yepaseka, uye kwete kuti yaingova paseka bedzi, asi yaiva paseka yakakosha.

³² Munoziva, pane dzimwe nguva idzo dzatinoenda kuchechi uye... Tinogara tichida kuenda, asi pane dzimwe nguva idzo chimwe chinhu chakatsaurwa chinoitika.

³³ Zvino iyi yaiva imwe yenguva idzodzo. Mhepo yakange yakazara netarisiro, sezvazvinongova nhasi. Meso ose eavo vaiMuda akange akaMutarisira kuti apinde pamusiwo.

³⁴ Uye ndinotenda kuti zvakadaro zvakanyanya nhasi, kune avo vanoMuda vari kuMutarisira. Mhepo yakazara netarisiro.

³⁵ Apo, patiri kurarama muzuva ranhasi, apo nyika zvechokwadi, yava mugomo mumwe chete mukuru weunga. Uye sainzi iri kutiudza kuti, “Kwasara maminiti matatu kuti tisvike pakati peusiku.” Uye ndine chokwadi chekuti manga muchiverenga, seni, rimwe zuva, nyaya iya yemukuru wemauto uyu, akataura, kuti, “Kana pakava neimwe hondo zvekare, yaizongoitika kwemaminiti maviri kana matatu.” Mazuva ekare ekurwa hondo, nekupfura nepfuti, nekuchera makomba ekuhwanda, izvozvo zvose zvakapera. Ivo vanoti hondo inotevera ichangova maminiti maviri kana matatu. Rimwe zuva, mumwe munhu asina kugadzikana zvakanaka achatadza kuzvidzora zvino obva apfura rimwe remabhambu aya. Uye kana vachinge vadaro, isu tine nzvimbo dzekuteerera, kewe-kwese, kuti tipfure tichidzose zvekare. Nyika haingokwanisi kuraramazve pane izvozvo.

³⁶ Munhu wese papaseka aiziva kuti chimwe chinhu chakanga chiri kuzoitika, asi vakange vasingazive kuti chaive chiri chii.

³⁷ Uye ndizvo zvazviri nhasi. Potse munhu wese anoziva kuti chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Munhu wese anozviziya

izvozvo. Unokwanisa kutaura kumutadzi, unokwanisa kutaura kune mutenges, unokwanisa kutaura kune munhu upi zvake, uye, oo, inguva yekusagadzikana kune nyika.

³⁸ Asi unokwanisa kutaura kumurume kana mudzimai ari kutarisira kuuya kwaKe, uye kubwinya kuri pachiso chavo, kuchipenya. Ivo vari kutarisira chiiitiko chikuru ichocho. Saka mhelo yese yakazara zvekare, vachitarisira chimwe chinhu kuti chiiitike. Nyika haisi kuziva zviri kuda kuitika, asi Chechi yaMwari mupenyu inoziva izvo zviri kuzoitika. Vanoziva kuti munguva shoma hwamanda icharira, uye tichaMuona achiuya, akatasva achibva muKubwinya, ari pabhiza jena, uye nehondo dzeKudenga dzichiMutevera. Uye avo vakafa muna Kristu vachabvutwa uye votakurwa kumusoro kunosangana naYe muchadenga. Ndizvo zvati kutarisira. Tiri kuzvishuvira.

³⁹ Uye tinoudzwa kuti mweya yevanaamai vaye, nevamwe vakadaro, vatataura nezvavo mangwanani ano, vangori pasi pearitari yaMwari, vari kudandizira, “Kusvikira riinhi, Ishe? Kusvikira riinhi?” Amai vanoda kukuona zvimwe semadiro aunoda kuvaona. Uye vadikanwi vedu vanoda kusangana nesu zvekare sekuda kwatinoita kusangana navo.

⁴⁰ Kusangana zvekare kwakadini kuchavepo, kana iYe achinge auya! Kusangana nevadikanwa vedu uye kuvaona vari mumutumbi wavo yekumuka kuvakafa, uye vakabwinyiswa, vachifamba-famba nemudyi wenhaka yerumuko, achitarisa hunhu hwavo, kuti wakashanduka zvakadini, hunyoro nerunyararo. Uye hazvizove kupishana nekumhanyidzana, nekusvetuka pamwe nekugwinha, nekuti tichava neZiendanakuenda rese rekurarama pamwe chete.

⁴¹ Oo, zera rino guru rekupengereka iro ratiri kurarama, hapangorina nguva yechimwe chinhu, kungokwira, nekukwachura, nekubvuta, handiti, izuva rinotyisa.

⁴² Zvadaro, apo pavakange vakamirira kuti chimwe chinhu chiiitike, zvakange zvakaipa kwazvo kuti vazhinji veavo vaive papaseka havana kana kutomboMuona. Asi, vaiziva kuti chimwe chinhu chaizoitika, asi zvakadaro havana kukwanisa kuMuona.

⁴³ Ndizvo zvazvichange zvakaita paKuuya kwaShe. Kune vanhu vakawanda vasina kugadzikana, nhasi, vanoziya kuti chimwe chinhu chiri kuda kuitika, asi ivo—ivo havazomboMuoni. Nekuti iYe achauya mukunyarara kwepakati pehusiku, kuzatora Chechi diki iyoyo iyo iri kushuva pamwe nekumirira uye ichitarisira kuMuona. Ndivo avo vaAchauya kuzatora. Vazhinji vemunyika avo vari kurarama pane zvinoyevedza, uye vachifadza mweya yavo pane zvinhu zvemunyika, havazomboziva zvinenge zvaitika, kusvikira Chechi yaenda Mukubwinya, nekuti Achauya sembavha pausiku uye ovatora vachienda. Saka tinokwanisa kuona kuti tadzoka zvekare kunzvimbo imwe chete. Zvino tinoona, kuti, tarisiro

idzi, kuti Mwari vanouya kune avo vari...Zvose kupfuura nemuMagwaro, zvakava zviri chinhu chimwe chete. Kutu ivo vari...Iye anogara achionekwa kune avo vari kuMutarisira, nguva dzose kune avo vanenge vachida kuMuona. Uye ndine chokwadi chekuti ndiyo tariro iri pamoyo pedu manheru ano.

⁴⁴ Pave nemwedzi inenge mitanhatu yapfuura, ndinofunga, ndakanga ndichipupura kune vamwe vanhu. Uye ini ndakati, “Oo, kufunga nezvazvo, kuti chero nguva ipi zvayo iYe achauya!”

⁴⁵ Uye icho chakandikonzera kuti nditaure izvozvo, ndakanga ndichitaura nezveHama Bosworth. Pandakaenda kunoono mutana mutsvene iyeye, apo patakanzwa kuti vakanga vari kufa, makore makumi masere neanoraudzira ekuberekwa, mudzimai neni ndokuenda zasi ku...ikoko kunovaona vasati vafa. Ini ndaitongofanirwa kutaura chimwe chinhu kwavari. Ndinofarira kutarira vatsvene apo pavanenge vachipinda Mukubwinya, uye ndaifanira kuvaona. Uye takamhanyisa motokari kwazvo.

⁴⁶ Asi pandakasvika ikoko, ndokumhanyira ndichipinda pamukova, muchikona chidiki maiva makarara mukuru uya wekare. Ivo vakasimudza musoro wavo pavakandiona ndichiuya. Maoko avo ekare, asina simba akaremba kunze, nenyama yakaremba pasi. Uye ivo vakatambanudza maoko avo kwandiri. Zvino ndakavabata muhuro zvakasimba uye ndikadanidzira, “Baba vangu, baba vangu, ngoro dzeIsraeri, nevatasvi vemabhiza vacho,” nekuti ivo vaive murume mutsvene, ane humwari.

⁴⁷ Uye ini ndikati, “Hama Bosworth, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Munotenda here kuti muchaita zvakana?”

Ivo vakati, “Oo, ini handisi kutomborwara.”

Ini ndikati, “Saka, chii chiri kunetsa?”

⁴⁸ Ivo vakati, “Ndiri kuenda Kumusha.” Ivo vakati, “Ndaneta, uye ndapera basa. Uye ndiri kungoda kuenda Kumusha.”

⁴⁹ Ini ndikati, “Zvino munocherechedza here kuti muri kufa?” Ndikati, “Ndiri kuda kukubvunzai chimwe chinhu. Tichidzokera zasi kumashure nemumakore makumi manomwe neanoraudzira eshumiro, ndeipi yakanga iri nguva yenyu yakanyanyisa kubwinya? Mungataure neni here, changamire, uye mondiudza kuti chiitiko chipi chamakava nacho, mukudzika zasi nemumutsara, iyo yamungaverenga kuti ndiyo nguva yenyu hurusa.”

⁵⁰ Ndairarama kusvika pazera ravo, handaizombokanganwa, apo meso aya matema akanditarisa, nepamusoro pemagirazi iwayo. Ivo vakati, “Hama yangu inodikanwa, ino ndiyo nguva hurusa yehupenyu hwangu. Handikwanise kufunga nezvenguva ipi zvayo yaive yakabwinya kupfuura iye zvino.”

51 Ndakavatarisa kumeso, uye ini ndikati, “Changamire, muchiri kuziva here kuti muri kufa?”

52 Ivo vakati, “Hama Branham, ndakarara pano, ndakamirira miniti yega-yega kuti iYe azarure mukova uyo uye ouya, onditora kuenda Kumusha pamwe naYe.” Ndiyo nzira yekufa nayo. Ndiyo nzira yekuenda nayo.

53 Uye sekuziva kwamunoita, kuti, angaite maawa maviri vasati vafa... Ivo vakange, vaiva vambenge vakarara vari mukoma, kwemazuva anopfuura maviri. Zvino apo pavakabengenuka, vakasimuka imomo mukamuri, ndokutanga kutaura kumudzimai wavo. Zvadaro, chiriporipotyo, vakabva vaita sevari kunjenjera. Zvino vakakwazisana maoko, kweawa yakakwana kana kudarika, neshamwari, dzainge dzakafa kwemakore makumi mana kana kuti makumi mashanu, vari avo vavakatendeutsa vaiva muchechi mavo. Vakakwazisana maoko naamai vavo uye nababa vavo. Kusvikira vakanga... hupenyu hwakanga hwabuda mumutumbi wavo, vakarara papiro ndokukotsira, vari mumaoko aIshe Jesu. Hapana chinhu chakafanana nekuMushumira, uchiMutarisira.

54 Uye apo pandaitaura nemurume uyu pamusoro peizvi, uye ndikataura chiitiko ichocho, ndakataura izvi. Ini ndikati, “Changamire, oo, hazvizova zvakabwinya here apo patichaMuona? Oo, dai Aizouya nhasi!”

Iye akati, “Hama Branham, regai kutyisa vanhu zvakadaro.”

Ini ndikati, “Uri kurevei?”

55 Iye akati, “Oo, regai kuedza kuudza vanhu kuti nyika iri kusvika, kana kuti Kristu ari kuuya. Zvinovanetsa.”

56 “Oo,” ini ndakati, “kwete. Ruregerero. Kune avo vari kuMutarisira, inhau dzakabwinyiswa kwazvo idzo dzavanokwanisa kunzwa, kuti Jesu ava pedyo nekuonekwa achiuya kuti atore Chechi yaKe.” Kuchembera kuchashandurwa kuve hudiki. Mufaro uchapihwa panzvimbo yekusuwa. Hupenyu huchapihwa panzvimbo yerufu. hupenyu hunofa huchiva hunhu hwakanaka, zvichatsivaniswa. Oo, inguva yakadini, kuziva kuti Achauya!

57 Ivo vakanga vachiMutsvaga. Vakanga vachiMutarisira. Zvino apo paAkauya, takaona kuti paive nemapoka maviri. Rimwe boka raive richiMutsigira, uye rimwe raipesana naYe.

58 Uye ndiyo nzira yatinozwiwana nhasi. Ndizvo izvo, kuuya kwaKe, kwakagara kuchipatsanura vanhu. Nguva dzese, paunowana Jesu, unowana avo vanenge varipo vanenge vachipesana naRo. NdiSatani iyeye. Uye, nhasi, patinofunga nezvazo, hationi shanduko yakanyanya. Zvakangofanana. Vanhu vakashanduka, asi mweya wevanhu hauna kushanduka.

59 Saka pakupedzisira pavakazotarisa kunze kwesuwo uye vakaMuona achiuya, akatasva padhongiri riya duku, jena,

ndosaka vadzidzi vakatanga ku—kudanidzira, “Humambo hweKudenga hwasvika!” Vanhu vakamhanya kunosangana naYe, uye Jerusarema rose rakazunguzwa. Pane chimwe chinhu pamusoro pazvo, kana Jesu auya, zvinogara zvichiva nekuzunguza. Uye guta rose rakazunguzwa. Uye ivo—ivo havagone kuzvivanza.

⁶⁰ Uye vaparidzi vezuva iroto vaifanira kudavirira pamusoro pekuzunguzwa uku, nekuti paive pamutambo wepaseka. Uye ivo vakadanidzira, “Ndianiko Uyu?” apo mhengo payakazara, uye kuuya kwaIshe Jesu, kuJerusarema, kwakanga kwazadza mhengo netarisiro, zvinotaridzika sekunge vadzidzisi vaifanira kuziva izvo zvakange zviru kuzoitika. Zvaitaridzika sekunge muprisita mukuru aifanirwa kunge achizviziva. Zvaitaridzika sekunge vamwe vaprisita vose vaifanirwa kunge vachizviziva izvozvo.

⁶¹ Uye hazvina kushanduka zvachose, nhasi, nekuti Mweya Mutsvene uri kufanotungamirira Kuuya kwaIshe Jesu. Uye apo Mweya Mutsvene uri kutanga kutambanuka uchienda pasi rose, moto yerumutsiriro yakatungira, kwese-kwese, zviratidzo zvikuru nezvishamiso zvakaitwa, kupodzwa kwakaitika, zviporofita zvakataurwa. Kuungana kwese kwemaropafadzo echiapostora kwadzoka kuChechi zvekare. Saka, sezvazvaiva kareko, ndizvo zvazviri iko zvino, mweya weasingatendi uchiri kudanidzira kuti, “Ndianiko Uyu?”

⁶² Vamwe vavo vaitenda pana Ishe Jesu, zvokuti Aive munhu akanaka. Vamwe vavo vaiti, “Iye Munhu akanaka.”

⁶³ Ndizvo zvavanotaura nhasi. Vanoedza kuMuisa saNapoleon, murwi. Vanoedza kuMuisa sa—saGeorge Washington, murume anotaura chokwadi. Asi iYe aipfuura izvozvo.

⁶⁴ Macherechedza here kuverengwa kweMagwaro? Ivo vakati, “Uyu muporofita unobva kuGarirea.”

⁶⁵ Uye vanoedza kutaura chinhu chimwe chete nhasi, apo pavanoona kufamba kukuru uku kwaShe: kuzodzoreredza, kuhutano, avo vanorwara nevanotambudzwa; kuMuona achishandisa Mweya waKe muChechi maKe, kunzvera pfungwa dzevanhu; kuMuona achiita sezvaAkangoita apo paAiva pano panyika, kuzadzisa izvo zvaAkataura kuti zvaizoitika; zvirokwazvo, machechi nevanhu vainge, vachivhunza kuti, “Ndianiko Uyu?”

⁶⁶ Vakange vasinganzwisise kuti Jesu aive ani, nekuti hapana kana mumwe wavo aikwanisa kuMacherechedza, nezvikoro zvavo. “Iseminari ipi yaAkabuda kubva mairi? Chikoro chipi chebhaibheri chaAkabuda kubva machiri?”

⁶⁷ Uye ndizvo zvazviri nhasi. Vazhinji vevanhu vakazodzwa neMweya Mutsvene havana kubuda kubva mune seminari ipi zvayo. Ivo zvibereko zvekusarudza kwaMwari pachavo. Asi zviratidzo neminana, uye nezvishamiso zvakavimbiswa

muBhaibheri, zvinofamba pamwe neMweya Mutsvene mukuru uyu paUnenge uchifamba pakati pevanhu.

⁶⁸ Uye ivo vanoti nhasi, “Ko vanobva kuchikoro chipiko?” Uchingopinda muguta, kuti uite rumutsiro, “Ko iwe uri wesangano ripi?”

⁶⁹ Ndakave nenguva yekukurukura Chishanu masikati, nemuprisita weRoma Katorike anobva kuchechei yechiIrish iri muLouisville. Uye pasina nguva ndaziviswa kwaari, murume akanaka akadzidza, iye akati, “VaBranham, muri wesangano ripi?”

Ini ndikati, “Handisi wechero rimwe zvaro.”

Uye iye akati, ipapo, “Makagadzwa here?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Iye akati, “Ndiani akakugadzai?”

⁷⁰ Ndikati, “Ishe Jesu vakandipa Mweya Mutsvene, kuti ndiparidze Vhangeri, uye vakandituma.” Zvakanaka, ndiko kugadzwa kwatinoda.

⁷¹ Jesu haana kumbotaura kuvadzidzi vaKe kuti, “Endai kunze uko kune...” Handisi kutsoropodza zvinhu izvozvo, asi zvakadarika zuva razvo. Iye haana kutaura kuti, “Enda, unodzidzira kuva mushumiri, kwemakore *akati-kuti*.”

⁷² Iye akati, “Mirirai muguta reJerusarema, kusvikira mazadzwa neSimba rinobva Kumusoro.” Iye akataura izvozvo kune varume vakanga vasingakwanise kusaina zita ravo. “Zvino mushure mekunge, Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu, zvadaro imi muchava zvapupu zvaNgu, kwese muJerusarema, Judheya, Samaria, uye kusvikira kumagumo enyika.” Ndiko kugadzwa.

⁷³ Hatina pakanyorwa panoratidza kuti Jesu akamboenda kune chero chikoro zvacho, kana kupedza kudzidza kubva kune maseminari api zvawo. Zvakadaro, kwakave nemaseminari akawanda akavakwa muZita raKe, kuitira chikonzero chezvinamato, kupfuura zvaive kune chinhu chipi zvacho— chipi zvacho chati chambove munyika. Hatina kumbova nechipi zvacho— chinyorwa chipi zvacho chekuenda kwaKe kuchikoro. Asi, zvakadaro, kwakave nezvikoro zvakananda zvakanakwa muZita raKe kudarika zviripo zvechero imwe mhando zvayo yezita riripo pasi pematenga, zvikoro. Hatina kumbobvira taziva nezvaKe achinyora bhuku. Asi, pakave nemabhuku akawanda akanyorwa pamusoro paKe kupfuura zvinyorwa zvose zvakanorwa. Uye, nhasi, Bhaibheri raKe ndiro Bhuku rakanyanyisa kukurumbira riripo pasi rose, pakati pezvinyorwa zvese.

⁷⁴ Asi, munoona, muzuva rekushanyirwa, ivo vakadanidzira, “Ndianiko Uyu?”

⁷⁵ Munoono, Mwari vanotora chimwe chinhu chinoita sekunge chisina basa, kuti vagadzire chimwe chinhu kubva machiri. Ndizvo zvinovaita kuti vave Mwari.

⁷⁶ Zvino pavakaMuona achiuya, akatasva achipinda nepasuwo iroro, vamwe vavo vakati, “Iyeye Munhu mukuru.”

⁷⁷ Vanotaura izvozvo nhasi. Kune zvikoro zvedzidzo yebhaibheri zvinodzidzisa, nhasi, kuti Jesu aive Munhu mukuru, kuti Aive Munhu akanaka. Vamwe vavo vanototaura kuti Aive muporofita. Zvino, dai iYe aiva muporofita chete, kana Munhu akanaka, tiri muzvivi zvedu. Iye aipfuurira muporofita. Iye aipfuurira Munhu akanaka. Asi zvakadaro, Aiva Munhu akanaka. Asi zvakadaro, Aiva Mwari-Muporofita. Asi Aipfuurira izvozvo. Iye aive Mwari airatidzwa munyama, kuti abvise chivi.

⁷⁸ Uye apo paAkauya, akatasva achipinda, vanhu vazhinji vakati, “Iye mupodzi. Oo, takaMuona achizarura meso emapofu. TakaMuona achiita kuti munhu aiva chirema afambe. TakaMuona achinamata, uye kupisa kwemuviri kukabva pane mwana.” Asi, ipapo, mhando iyoyo vaingoMutevera nekuda kwechingwa nehove.

⁷⁹ Uye ndizvo zviru mhomho nhasi, vazhinji. Kana pane mupodzi, handiti, ivo—ivo vanoMutevera, uye iYe anongori—iYe anongori chitubu mugwenga. Kana vakarwara, vanomhanya, voti, “Oo, mungandinamatirawo here, kuti Ishe Jesu vagondipodza?” Uye pavanongobuda muchipatara, kana kuti panhwo yeurwere, vanodzokera kunze chaiko uko munyika voenda, sembwa kumarutsi ayo, kana senguruve kumatope ayo, sezvakataurwa neGwaro. KungoMutevera nekuda kwezvakanaka zvavanokwanisa kuwana kubva maAri. VanoMushandisa kungova ba—bango remitupo, kana—kana chimwe chinhu icho—icho chavanokwanisa kuwana kubva kwaAri, uye vasingatarisire kuMushumira. Mhomho iyoyo ichiri kuenderera mberi nhasi.

⁸⁰ Paiva nevane maperembudzi vapfumbamwe vakapodzwa, uye mumwe chete ndiye akadzoka kuzoMupa rumbidzo. Kana kuti vaiva gumi here? Ivo, mumwe chete wavo, akadzoka kuzoMupa rumbidzo, asi vamwe vose vakaenderera mberi, vasina kutenda.

⁸¹ Uye dai vanhu muAmerica, avo vakapodzwa neSimba raMwari, vaizotendeutsira mwoyo yavo kuna Mwari, paizova nerumutsiriro rwairova nyika ino urwo rwaizopfiga mashabhini ose, urwo rwaizo... Zvitoro zvedoro nezvitoro zvehwiski zvinenge zvichisipo zvachose. Machechi aizozara. Dzimba dzemitambo dzaizova dzisina vanhu Svondo manheru. Uye paizova nerumutsiriro rwaiitika, kwese nemunyika ino. Asi pavanozviona zvichiitika, zvinhu izvo zvinoitwa naMwari, vachiri kudandizira, “Ndianiko Uyo? Ndianiko uyu ari kuuya?”

Ko vakabva nekupi? Ndianiko uyu? Izvi zvinoitwa nesimba ripi?”

⁸² Handimbokanganwa, kuJohannesburg, South Africa. Ndakanga ndichangosvika, ndakurumidza nemaminitsi angaita makumi matatu, nendege. Ndakanga ndave nemazuva matatu nehushu hutatu ndiri mudenga, ndakaneta kwazvo zvekuti ndakanga ndisisazvifarire. Ivo—ivo vakanditora kuenda neni kunze kunhandare dzinoratidzirwa zvinhu uko kwakanga kwakaungana vanhu zviuru makumi mashanu kana makumi matanhatu. Uye pasina nguva ndakwira papuratifomu, kusvikira Mweya Mutsvene. . . Ndakaona, kuchiyuwa kudarika nepo, bha—bhazi. Uye raiva nechikwangwani pariri, “Durban.” Ndakaona mujaya achiita sekupikisa ndokubva averevedza achibva pana baba namai vake, aine rimwe gumbo rakapfupika mainji matanhatu kana kuti masere pane rimwe. Aiva akapfeka shati chena, nemasikorobhande akasimudza mudhebhe wake. Zvino ndakacherechedza mujaya wacho. Ndakatarisako zvekare. Chiratidzo chakanga chaenda. Uye zvadaro, munguva pfupi, ndakaona Chiedza chiya chakarebera pamusoro pemujaya, kumashure-shure chaiko muungano. Uye ndakatarisa. Ndikafunga, “Ndakambomuona kune imwe nzvimbo.” Ndakamutarisa, uye Chiedza chiya chakangoramba chakamira pamusoro pake kwemaminitsi mashoma. Uye ndaive ndakamirira mududziri kuti abate mashoko aitevera. Zvadaro ndakaona mujaya mumwe chete iyeye asimuka, ndokukandira madondoro ake pasi, uye gumbo rake raiva pfupi nemainji matanhatu rakadzika rikaenzana nerimwe.

⁸³ Uye ini ndakati kuna VaA. J. Schoeman; avo vari Mukubwinya, manheru ano. Ini ndikati, “VaSchoeman, ingodzokororai mashoko angu. Ichi chiratidzo.”

Ivo vakati, “Zvakanaka kwazvo.”

⁸⁴ Uye ini ndikati, “Mujaya akagara kumashure uko akapfeka shati chena, nemasikorobhande, akauya kubva kuguta rinonzi Durban, mamaira chiuru nemazana mashanu kudarika nemunyika, ari mubhazi. Uye akatonzvenga baba naamai vake, kuti auye. Asi iye atenda pana Ishe Jesu, uye ane gumbo rimwe chete rakapfupika mainji matanhatu pane rimwe.”

⁸⁵ Zvino mujaya wacho akasvetukira mudenga. Hoyo paaiva, akamira, achiedza kutsvanzvadzira madondoro ake. Uye ini ndikati, “Mujaya, Ishe Jesu vakupodza.” Uye pakarepo gumbo rake rakabuda mainji matanhatu, kusvika pane zvarinofanira kuve, zvichienderana neose. Uye vakaunza mujaya wacho kupuratifomu, uye vanachiremba vakamuongorora ipapo. Imi munoono mufananidzo wake mubhuku rangu.

⁸⁶ Ndakange ndakamira ipapo kwechinguva chidiki, ndakaona motokari diki, yegirinhi ichimhanya ichidzika nemugwagwa, zvino ndokutsvedza. Iyo yakatenderera, ichidzoka kumashure,

ndokurova muti. Mumwe musikana wechidiki, ane musoro une vhudzi rakachenuruka aive...akatyoka musana. Uye ini ndikati, “Ndinoona motokari diki, yegirinhi yakatsvedza ichinorovera pamuti, uye musikana wechidiki ane musoro une vhudzi rakachenuruka wemakore angaite gumi nemasere ekuberekwa ane musana wakatyoka. Iye ari muchinhano chakaipisisa.” Hapana akadaira. Uye handaikwanisa kumuona chero kupi zvako muungano iyoyo huru, yakakura yevanhu. Zvino ndakamira ipapo zvingangoita maminitsi mashoma. Ini ndikati, “Nzwisaisai. Izvi...Regai kuva munofungira. NdiIshe Jesu, muSimba rerumuko. Ivo vakatumira Mweya Mutsvene kuti uenderere mberi nebasa raVo.” Zvino ipapo ndakaona chiratidzo chichiitika zvekare. Uye handina kukwanisa kuona mudzimai wacho wechidiki.

⁸⁷ Pakare ipapo, pakamira pamberi pangu chaipo, hepano pakamira Chiedza chiya, sezvamunoona pamufananidzo. Uye iCho chakamira pano. Ndakafamba kuenda ikoko, zvino ipapo ndipo paaive arere, zasi kwepuratifomu. Ini ndikati, “Mudzimai wechidiki, Ishe Jesu vakupodza.” Zvino akatanga kuchema.

⁸⁸ Amai vake vakati, “Oo, kwete! Regai kumuudza kuti asimuke!” Vachiti, “Kana akatsukunyuka, iye anozofa.”

⁸⁹ Uye musikana wechidiki akasvetuka netsoka dzake, achidanidzira, pamwe nekurumbidza Mwari. Uye amai vacho vakafenda ndokuwira munhowo umu maiva makarara musikana.

Chii ichocho?

⁹⁰ Panguva ingangoda kuita saiyoyo, mumwe murume mutsoropodzi akasimuka kumashure uko, uye akasimuka neimwe tsoka yake iri pachigaro, uye imwe iri pane chimwe, zvino ndokuti, “Iwe, wekuAmerica! Ndinokupikisa kuti undiudze kuti unoita izvi nemuZita ripi! Uye kuti uri wesangano ripi rechechi?” Maona?

⁹¹ Zvakangofanana. Havanzwisisi. Ivo havasi kutsvaka zvinhu izvi. Machechi haasi kutarisira Kuuya kwaShe. Uye Mweya Mutsvene uri pano kuzosimbisa Kuuya kwaKe, kuti Kuzadziswe. Zvakanyanya... .

Mumwe nemumwe anoda kutora nzira yake. Ndiwo mamiriro azvaive ikoko. Boka rega-rega vaive nezano ravo.

⁹² Asi hausi iwo mubvunzo manheru ano. Handizvo zvandiri kutaura nezvazvo. Asi mubvunzo wandiri kukubvunzai, ndewekuti, imi munofunga kuti Chii ichocho? Zvine chekuita nemi. Ndianiko Uyu ari kukwira nekudzika nemudzinyika? Kwete vanhu. Vanhu havakwanise kuita zvinhu izvozvo. Ndianiko Iyeye ari kutaura uye achiti kuvanhu vari muungano, sekuti, “Akagara *pano*, neche *pano* apa,” uye nenzvimbo dzakasiyana-siyana mumusangano, apo madzimai nevarume pavanounzwa muno, vachifa? Ndianiko Iyeye?

⁹³ Mudzimai wechidiki uyo afamba achipinda munzvimbo yekubhabhatidzira mangwanani ano, uyo masvondo matatu apfuura, achifa nekenza yecarcinoma, anogara pano muna Maple Street, Mai Baity. Uye ndakabvunza vanachiremba vatatu vaive naye. Iye akanga asina mukana mumwe zvawo wekurarama, aine vana vadiki vana kana kuti vashanu, uye amai vangu vachiedza kuvachengeta. Amai vakati, “Bill, haasi kuzombodzoka kumba zvekare.”

⁹⁴ Zvino ndakaenda kunze uko kwaave ari, zvino Ishe Jesu vakataura, “ZVANZI NAJEHOVHA, kana akaenda kuchechi uye ovimbisa kubhabhatidzwa muZita raIshe Jesu, uye oshumira Mwari, achaenda kumba, apora.”

Uye ini ndakamubvunza, “Uchaita izvi here, mudzimai?”

⁹⁵ Uye iye akati, “Zvese zvamunotaura, ndichazviita.” Pakarepo marwadzo akabva. Mazuva matatu akatevera, akange ave kumba, uye vanachiremba havasi kukwanisa kuwana kana kamuhwezva hako kekenza iyoyo.

⁹⁶ Ndianiko Uyu anouya muZita raShe? Ndianiko Iyeye? NdiMweya Mutsvene waMwari. Maonero ako ndeapi paUri? Maonero ako ndeapi, uchiziva mufudzi wako? Uye apo makagara muzvigarro izvi pano, vanhu vanobva kunze kweguta, vakagara nepfari, vakagara ne... Hepano pagere murume, pane imwe nzvimbo muno, hama yechiMennonite, pano chaipo, anotambura nepfari. Handina kumbobvira ndamuziva kana kumuona, hapana kana chinhu nezvake. Uye pakarepo, makore angaite maviri apfuura, ndinofungidzira, kana mamwewo, hongu, makore maviri, Mweya Mutsvene wakazvidana, uye ukati “ZVANZI NAJEHOVHA.” Iye haana kuzombova akabatwa kubva ipapo. Ndianiko Iyeye? Ndianiko Iyeye?

⁹⁷ Mudzimai uyu aiva agere pano, Svondo yapfuura, nguva yekupedzisira yandaiva pano, akange auya achibva kune imwe nzvimbo muIllinois. Zuva rakatevera... Aine bundu rakakura kwazvo mumuviri wake, iro raiva rave kenza. Uye vamwe vanamazvikokota vezvesainzi dzekurapa vekuIllinois vaimuendesa kukiriniki huru, kuti anovhiiwa, Muvhuro. Uye iye akamanikidzira nzira yake akapinda. Handina kumbobvira ndakamuona kana kunzwa nezvake, muhupenyu hwangu hwese. Uye pakarepo, Mweya Mutsvene wakamufukidzira, uye Ukamuudza kuti aive ani, kuti aibva kupi, uye iye aizovhiiwa zuva raitevera. Vangani vaive pano ipapo, kuti vazvione izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uye nokuona nhau dzichidzoka. Zuva raitevera, paakaenda kuna chiremba, vakamutora kubva kune imwe kiriniki kuenda kune imwe kiriniki, uye havana kukwanisa kuwana kana kamuhwezva kayo hako.

⁹⁸ Ndianiko Uyu? Oo, Mwari ivai netsitsi! Ndianiko Uyu ari kuita izvi? Ungakwanise here kutoshinga kutaura kuti aive

mufundisi wako? Kwete. Ungakwanise here kushinga kutaura kuti vanhu vaiva nechimwe zvacho chekuita mazviri? Kwete. NdiMweya Mutsvene, Mweya waiva pana paIshe wedu Jesu. Uye Kuuya kwaKe kuzoZvibanidza neChechi yaKe, kwava pedyo zvekuti iVo vava kuparadzira Chiedza chaVo chikuru chitsvene, kuzodzikinura, pamwe nekuunza mukuyanana, Chechi yaMwari mupenyu, kuitira Kubvutwa kwava pedyo. Amenii!

⁹⁹ Ndianiko Iyeye? Ini handikwanise kupindura mubvunzo wako. Handikwanise kukupindurira. Asi ndinokwanisa kuzvipindurira pachangu. Uye napamusoro pedhesiki rino rinoyera, manheru ano, munzeve dzeino, ungano, uye neva—vakatangwa neRopa raIshe wedu Jesu, ndinotaura izvi kubva pakadzika pemwoyo wangu. Kwete nekuti ndiri mumwe wenyu, kwete nekuti ndinongovawo mumwe munhu akasiyana, asi mumwe wevakadzikinurwa avo vakagezwa neRopa. Ndinotenda kuti Chiedza chimwe chete ichocho icho chakarembera muhechi muno, manheru ano, Chimwe chete ichocho chinoratidza, nehunhu hwaCho, kuti iCho ndiJesu Kristu, chumiro cheMweya Mutsvene.

¹⁰⁰ Chero ani zvake anoziva Gwaro, anoziva kuti Jesu akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye Ndinoenda kuna Mwari.” Iye Asati aitwa nyama, paaiva naMosesi murenje, Aiva Shongwe yeMoto. Uye paya Mosesi paakashuva kuMuona, iYe akapira musana waKe kwaari. Zvino Mosesi akati, “Anotaridzika seMunhu.” PaAiva pano panyika, iYe aiva Munhu. Iye akaita zvinhu zvimwe chete chaizvo izvo zvaAri kuita, nhasi, kuburikidza nevanhu vaAkadzikinura. Heunoi Uyo anouya uye ova nemufananidzo waKe uchitorwa. Chii ichocho?

¹⁰¹ Mushure mekufa kwaKe, kuvigwa pamwe nerumuko, Pauro aiva munzira yake kuenda kuDhamasiko, rimwe zuva, zvino Chiedza chikuru chakamurovera pasi. Varume ivavo vaive vakamukomberedza havana kuona Chiedza chacho. Asi Chakarovera Pauro pasi, kusvikira Chamuita bofu. Iye akave nedambudziko nemeso ake hupenyu hwake hwese. Uye akati pane imwe nguva, “Zvichida ndaizvisimudzira pamusoro nekuda kwekuwanda kwechizaruro, chakapihwa kwandiri,” munzwa munyama yake, mutumwa waSatani, kuti amutambudze. Nekuti kwaiva kuwandisa kwechizaruro.

¹⁰² Uye apo Pauro paakarovera pasi, ari munzira yake kunotambudza vanhu avo vaiita ruzha rwakanyanyisa; boka revakaberekwa patsva, vanhu vaidanwa kunzi vakatsauka pachitendero. Pauro aiva panzira yake kunotambudza ivavo, aine mapepa muhomwe make, kuti avasunge uye ovaunza kuJerusarema. Uye pava pangaita pakati pezuva, pakauya Chiedza pasi, icho chakamurova kubva patsoka dzake, kuenda pasi, zvino iye akawira muguruva renyika. Pakauya Inzwi kubva muChiedza ichocho, richiti, “Sauro, Sauro, ko unoNditambudzireiko?”

103 Uye Sauro akatendeuka, ari muchinhano chake chehupofu, akatarisa kumusoro. Uye aikwanisa kuona Chiedza chikuru ichocho, chaibwinya kwazvo. Uye iye akati, “Ishe, Ndimi Aniko?”

104 Iye akati, “Ndini Jesu. Ndakabva kuna Mwari; Ndikaenda kuna Mwari. Ndakabva kuna Mwari; Ndinodzokera kuna Mwari.” Iye akati, “Zvakakuomera kuti ukave minzwa.”

105 Chizaruro chimwe chete pajecha iroro rinoyera, nguva imwe chete panzvimbo iyoyo, munhu haangazombove akava zvimwe chete. Munhu, asati azvidana kuti Mukristu, asati akwanisa kuzvizivisa kuti iye ndiani, iye anofanira kutanga ava nechitiko ichocho chekuseri kwerenje, uko kwaakasangana naMwari, chiso nechiso.

106 Nekuti, nhasi, unokwanisa kuwana chero mhando ipi zvayo yemhinduro. Unokwanisa kuona Ishe vachiita chaizvo izvo zvaVakataura kuti tiite, uye vadzidzi vezvebhaibheri vakangwara vanoZvishaisa basa nekutsanangura. Ivo vanozoti, “Izvozvo zvaiva zverimwe zuva. Zvaiva zviri zveiri. Kana kuti, Izvozvo ndezve rimwe zera. Kana kuti, Izvozvo handizvo.” Sezvakataura nezvaJesu, “Iye ndiBherizebhabhu, dhiyabhore. Iye muuki.” Uye nezvinhu zvese izvozvo, ivo vane mhinduro.

107 Asi kana munhu akambosvika mukusangana naKristu, uye akaMuona sezvakaitwa naPauro, kana kuva nechitiko naYe, hakuna vadzidzi vebhaibheri vakakwana munyika vangambokwanisa nekutsanangura kushaisa basa chitiko ichocho kubva kumunhu wacho.

108 Ndicho chikonzero, nhasi, ivo vasina chitiko chacho. Ndicho chikonzero vasingakwanise kutaura...ivo vose vari kutaura kuti, “Ndianiko Uyu? Chiiko iChi? Ko Chinobva kupi?” Havana mhinduro. Sei? Nekuti, zvoga zvavanoziva idzidzo yebhaibheri iyo yakagadzirwa neimwe chechi. Kwete “kuziva dzidzo yebhaibheri” ndihwo Hupenyu. Kwete “kuziva Bhaibheri” ndihwo Hupenyu.

109 Asi “kumuziva iYe” ndihwo Hupenyu. “Kumuziva iYe” seMuponesi wako dungamunhu, seMumwe chete Uyo akakuzadza neHupo hwaKe. Iwe wakange uripo apo pazvakaitika. Hapana kana ani zvake anokwanisa kuZvibvisa kubva pauri. Hapana kana mumwe chete anokwanisa kuZvitsanangura kuti zvibve pauri. Kana chitiko ichocho chaitika kwauri, iwe unoziva kuti iYe Ndiani. Kwandiri, iYe ndiJesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

110 Ndianiko uyu ari kuita zvishamiso izvi? Ndianiko uyo ari kuita mabasa makuru aya? Muparidzi here? NdiOral Roberts here? NdiBilly Graham here? NdiJack Schuler here? William Branham? Chero ani zvake waangave, havana chekuita mazviri. Ivo midziyo.

111 Ndiwo Mweya Mutsvene uri kuuya neEvhangeri, muzviratidzo nezvishamiso nemashura, kuzogadzirira vanhu. Mhepo yakazara netarisiro, nevatendi vari kuMutarisira kuti auye.

112 Uye vamwe vari kuti, “Sei rumutsiriro urwu? Sei tiinarwo? Ngatipererei pakuva chechi.” Hongu, zvakataurwa muhechi pano chaipo, kuti, patakatanga kuvaka chechi itsva, zvikanzi, “Hatidi mashura. Hatidi zvinhu izvozvi zvekare. Imi munozvida, endai henyu kunze uko mumunda wekuvhangeri uko kwazvinoitika. Isu hatizvidi pano.” Kana Branham Tabhanakeri ichinge yaderera kusvika panzvimbo yakaderera iyoyo, inenge yatonyura.

113 Chechi ino yakavakirwa pazvitendwa uye neSimba neEvhangeri zvaJesu Kristu. Uye chero bedzi tabhenakeri ino yakamira, dai Mweya Mutsvene unobwinya wawana mukana kune mweya, kuponesa, pamwe nekuzadza neMweya Mutsvene, uye nokupodza vanorwara. Kwandiri, ndiJesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

Ngatinamatei.

114 Kana iwe usingazive kuti iYe Ndiani, iwe hauzive kuti zvese izvi zvimbori chii, uye uchida kuziva, haungangoita zvakadai sekusimudza ruoko rwako here? Uye woti, nekusimudza ruoko rwako, “Ndinamatireiwo, Hama Branham, kuti ini ndigoMuziva.” Uye Ishe vakuropafadzei. Uye kumativi ose, ndiri kuona maoko enyu.

115 Zvino, Baba veKudenga, tinounza Mharidzo ino, nezvibereko zvevanhu vari kusimudza maoko avo, kuti ivo vari kuda kuziva kuti Ndianiko Uyu. Ivo vanoda kuzivana naJesu mukuru uyu. Uyo, Kuuya kwaKe, kwerumuko, kwave pedyo zvakanyanya, kusvikira vanorwara vari kutotanga kupodzwa. Uye mushure mekunge izvozvo zvaitika, ipapo chiporofita chakauya muChechi, kuchizotevera zvipo nemashura, zvino zvadzika kusvika kuchiratidzo chiya chekupedzisira. Chinotevera kuchauya, Kubvutwa, Chechi ichatorwa ichienda. Uye isu, Ishe, takataura kuti tinoKuzivai muSimba rekumuka kweNyu, takamirira, pamwe nekushuvira, nekuchema, nekukumbirisa, “Huyai, Ishe Jesu!”

116 Bvutai Chechi yeNyu uye muItore iende, nekukurumidza, Ishe. Nekuti, nenguva isipi, vanhu vari kuzopotitsa nyika iyo yaMakavasikira kuti vagare pairi, nekuti havana kukuteererai iMi. Ivo havana kudzidza rugare, asi hondo. Ivo havana kudzidza kururama, asi vakadzidza misikanzwa. Zviri zvokuti havazova vese vanenge vaine nzara yesimba! Ishe, kanzvimbo ikako kadiki kari mumwoyo mavo kanovaita kuti vave nenzara yesimba, vari kuedza kukagutsa murabhoritari pane imwe nzvimbo, kuti vaputitse vamwe vavo.

¹¹⁷ Mwari, dai vakangokwanisa kucherechedza kuti simba iroro ravari kushuvira iSimba rekumuka kweMwanakomana waMwari, Simba reMweya Mutsvene kuti rishandure hupenyu hwavo; kwete kuputitsa dzimwe nyika, asi kushandura hupenyu hwavo uye nokuvaita varanda veNyu.

¹¹⁸ Vanhu vazhinji, vakabatwa nekupengereka, ivo vanotiona seboka re “vasina chavanoziva,” uye—uye se “vanamati vakatsauka,” sezvavakaita muzuva repakutanga. Asi apo pavakadzoka, vachifara, vachitenda iMi kuti vakwanisa kutakura kuzvidzwa kweZita reNyu. Ndiwo manzwiwo evana veNyu, manheru ano, Ishe, kwese-kwese. Isu tiri kungofara.

¹¹⁹ Vamwe muzuva reNyu vakaedza kuKucherechedzai. Ivo vakati, “Iye ishamwari yemurume uya wemusango, Johane, uyo akabuda achibva murenje asina kupfeka mbatya, aingova nedehwe rehwei rakare rakamoneredzwa paari. Munhu wemusango uyo aingokanda mashoko, kumabvazuva nekumadokero, uye achiti, ‘Demo raiswa pamudzi wemuti.’” Vakati, “Iye mu—muteveri wake. Iye murume wesango. Anopenga. Pfungwa dzaKe dzakasomusiya.” Shumiro yemweya iyo yaiva neMi, O Ishe, yakapofomadza meso eivavo.

¹²⁰ Uye ndizvo zvaWaita zvekare nhasi. Mweya Mutsvene mukuru uyu uchifanotungamira Kuuya kwaShe, sezvakaitwa naJohane muzuva rake, uchipofomadza vanhu, kune avo vasingadi kuona. Asi kune avo vari kutoda kuti vaone, iMi makavasarudza. “Uye vese avo vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Imi makati, “uye hapana kana mumwe wavo acharasika. Uye ndichamumutsa nezuva rekupedzisira.” Tinokutendai iMi nekuda kweizvi.

¹²¹ Zvino avo vasimudza maoko avo, manheru ano, tinonamata, O Ishe Mwari, kuti iMi Muchazvizivisa kwavari, muchiitiko, muSimba rerumuko. Zviitei, Ishe.

¹²² Uye vamwe vanokwanisa kunge vari pano, vasina kusimudza ruoko rwavo, asi zvakadaro, mumoyo mavo, vanga vachiziva kuti vanozvida. Ndinonamata kuti Mugovaropafadza, uye movapa chishuvo chemoyo wavo.

¹²³ Apo patichabva muchivakwa chino, manheru ano, dai taenda tave vanhu vakasiyana. Dai taenda tine chinangwa chakasiyana nechatange tinacho, tichipinda, kana changa chichipesana nekuda kweNyu kwaMwari. Dai tabuda tine kutsunga kwekubatirira panyanga dzearitari, kusvikira mweya wedu wagutsikana kuti takave nechitiko neMi, uye kuti tinoziva Uyo watinotaura nezvake, nekuti takasangana naYe uye tinoMuziva, uye tine kuyanana naYe. Zviitei zvinhu izvi, Baba. Podzai vanorwara nevanotambudzwa.

¹²⁴ Ropafadzai mufundisi wedu anodikanwa uye anokosha. Mwari, tinonamata kuti iMi muchava navo pamwe nehanzvadzi

dzavo dzakaisvonaka, pavanenge vachiimba Evhangeri, uye nekuRiparidza muwairesi yavo.

¹²⁵ Ropafadzai vaeni vari mumasuwo edu. Ishe, dai vakaenda vachibuda, manheru ano, vaine simba rawedzerwa mumwoyo mavo, uye nechinangwa chekuti ivo, kubva panguva ino zvichienda mberi, kana vasingakuzivei uye vasina kuKushumirai, kumashure, dai vaKushumirai. Tichiziva izvi, kuti, “Zvimwe zvinhu zvose zvichasvika pazvinoshaiwa basa, asi Shoko raShe richagara nekusingaperi.” Zviitei, Baba.

¹²⁶ Tiregerereiuwo, zvivi zvedu zvose. Uye dai tasangana pane iroro guru. . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

Nekuti iYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹²⁷ Zvino, mushure meMharidzo, ngatingokotamisei misoro yedu uye tiMunamate, apo patiri kuimba kwaAri.

NdinoMuda, (nemwoyo wako wese)
NdinoMuda
Nekuti iYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹²⁸ Vangani vanoMuda zvmazvirokwazvo? Simudza ruoko rwako, wotaura izvi nechapupu, “NdinoMuda.” Oo, iYe haashamise here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munoziva, ndinongoda kugara seizvi uye ndongonwa, neimwe nzira, Muhupo hwaKe. Shoko raKe, rafanoenda, Rawira mumwoyo. Iro rinotigadzirisa. Iro rinotiunza mukuzviisa pasi peMweya waKe. Zvakanaka sei kungoMunamata ipapo! Zvino, paunenge uchienda uchibva pachechi, manheru ano, enda, uchiMunamata.

¹²⁹ Uye rangarirai, vhiki rino, kune musangano wemunamato pano neChitatu manheru. Musakanganwa nhepfenyuro yeHama Neville nemusi weSvondo, kana kuti musi weMugovera, nanine o'clock, kuWLRP. Ndinongofarira kuvanzwa, hamudaro here? Vana, kana kuti vatatu, zvinonzwika zvakanakisa kwazvo. Mudzimai neni, uye nevana, tose tinoburitsa kawairesi kadiki panze uye—uye tokaunganira, kuti titeerere Hama Neville nenhepfenyuro yavo, uye nemashoko avo akaisvonaka, emasimudziro avanoita Mwari uyo wavanoda pamwe nekutenda. Regai kutaura izvi kune. . .

¹³⁰ Imi vaeni muri pano, kana musina kucheche kwamunoenda, huyai mubatane pamwe nesu. Ndinokutaurirai, kwete kutaura izvi uye ivo vakagara pano. Kwete, changamire. Ini ndakataura izvi, nguva zhinji. Ini ndinoda Hama Neville. Ichi, chekutanga, ivo mudzidzi webhaibheri. Chinhu chekutanga, ivo mwana waMwari. Chinhu chinotevera, ivo mumwe chete mazuva ose. Ndavaziva kwemakore akawanda. Ivo havana kumbobvira

vashanduka, nepadiki zvapo. Ivo vachiri Orman Neville, muranda waIshe Jesu. Uye ndinofunga ivo vane . . .

¹³¹ Humwe husiku, ndakafona, kuti ndivakumbire kana ivo vakanga vasina, muchirongwa chavo, kuti vozokwanisa kutigadzirira mukana wekuti tiuye zasi uye tonamatira vanorwara. Pane vamwe vanga vachiuya vachizopinda, ari mangwanani ano, munoziva. Zvino mudzimai wavo mudiki akadavira runhare, uye ndakanga ndichitaura nemudzimai wangu, kumashure uko, nezvazvo.

¹³² Uye tinotenda Mwari zvakadini nekuda kwemudzimai wavo mudiki akanaka uye nemhuri yavo. Izvozvo zvakanaka kwazvo. Ukaona mushumiri nemudzimai wake vachiwirirana zvakadaro, mukutapira nemukuzvininipisa, izvozvo zvinoita kuti chechi ifambe zviru nani kwazvo zvakadaro. Izvozvo zvinongowedzera kutapira apo mazuva paanenge achifamba.

¹³³ MunoMuda nemwoyo wenyu wese here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka. Tine rwiyo rwekuperadzana rwatinoimba, *Tora Zita raJesu Newe*. Uye tipeiwo kodhi yacho diki, hanzvadzi, kana munarwo ipapo mubhuku. Uye tave kuzoimba rwiyo rwedu rwekuperadzana. Uye kana tichinge taimba ndima yekutanga, tinoda kutendeuka, tokwazisana maoko mumwe nemumwe. Zvakanaka. Tipeiwo kodhi yacho.

. . . Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwana nenhamo;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Ritore kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha, Oo rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;

Mwari vakuropafadzei, hama.

Zita rakakosha, Oo rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Ngatitorei ndima iyi zvino.

PaZita raJesu tichigwadama,
Tichiwa tozvambarara patsoka Dzake,
Mambo wemadzimambo Kudenga
tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

Hazvizova zvakanakisa izvozvo here?

Rakakosha, Zita rakakosha, Oo rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, (Zita rakakosha) Oo
rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro we . . .

¹³⁴ Vangani vanorangarira rwiyo rwedu rwudiki rwataisiimba, *Usakanganwe Munamoto Wemhuri?* Unorwurangerira here?

Ini handi...Thelma, hameno unorwuziva irworwo, kana kodhi, kana kwete? Ngatirwuedzei kamwe chete. Hamusi kurwurangarira here? Regai...Zvichida ndaikwanisa kurwuedza kamwe chete nemi.

Usakanganwe munamoto wemhuri,
Jesu anoda kusangana newe ipapo;
Iye achatakura mitoro yako yose,
Oo, usakanganwe munamoto wemhuri.


¹³⁵ Vangani vanova nemunamoto wemhuri? Zvakanaka izvozvo. Ngatirwuedzei zvekare. Ndicharwudzorerera mumashure muno. Ndinozvifarira izvozvo. Tose pamwe chete zvino.

Usa—Usakanganwe munamoto wemhuri,
Jesu anoda kusangana newe ipapo;
Iye achatakura mitoro yako yose,
Oo, usakanganwe munamoto wemhuri.

¹³⁶ O Ishe, zvakanyorwa muMagwaro, kuti vakatora kubva pamutumbi waPauro mahengechepfu kana maapuroni, uye mweya yetsvina yakaenda ichibva pavanhu, uye zvirwere zvakapodzwa. Tinonamata, O Ishe, kuti nenzira imwe chete, zvicharatidzwa pane aya, manheru ano, apo pandiri kuatumira kune vanoshaiwa nevanorwara. Kunze uko pane imwe nzvimbo munyika, kune mumwe munhu ari kutarisira nekumirira izvi kuti zviitike. Ndinonamata, Baba, kuti iMi muchazvipa nemuZita raJesu, Mwanakomana weNyu. Amen.

¹³⁷ Zvino ndiri kuzokumbira, patiri kukotamisa misoro yedu, kana Hama yedu Smith yakakosha zvikuru vari neche apo, vanobva kuChurch of God, avo vatakawana, vakangofanana neHama yedu Neville pano, kuva muranda waMwari, akavimbika, akatendeka, ndiri kuzovakumbira kuti vakumbire maropafadzo pamuri, kuti muenderere mberi nemusvondo rino riri kuuya. Mwari vakuropafadzei, kusvikira tasangana zvekare.

¹³⁸ Hama Smith. [Hama Smith vanonamata—Mupepeti] Hongu, Ishe. Hongu. Hongu. Hongu. Amen.

¹³⁹ Kwazisanai maoko mumwe nemumwe. Tinokuchingamidzai pakudzoka zvekare, kutabhenakeri. Mwari vakuropafadzei. 

NDIANIKO UYU? SHO59-0510E
(Who Is This?)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu paZuva raAmai, Svondo manheru, Chivabvu 10, 1959, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org